



Ocean Conservancy

Chanje Koneksyon Nou Ak **PLASTIK NAN MIAMI**

REZIME EVALYASYON PWOTOKÒL SYSTÈM SIKILÈ AN
REZILTA KLE AK OPÒTINITE YO



SHORES FORWARD
An Ocean Conservancy Initiative

UNIVERSITY OF
GEORGIA
New Materials Institute



REMÈSIMAN

Ocean Conservancy remèsyen **Circularity Informatics Lab ki nan Invèsite Georgia, Ascendance Sustainability Group, Debris Free Oceans, Healthy Little Havana, Florida Sea Grant, Florida International University**, ak tout moun ki te kontribye nan tout gwo travay la ki fèt alantou CAP la. Reyèlman vre li pran tout yon kominote p ou n rive nouri ak pran swen lanmè nou an. Mèsi.






MIAMI ENPÒTAN ANPIL NAN PWOTEKSYON SANTE LANMÈ FLORID LA

Peyizaj Florid la se yon ansanm inik lavi terès ak lavi ki nan lanmè, plaj li yo ak kanal li yo ki atire dè milyon de vizitè ak rezidan. Avèk eksplozyon popilasyon Florid la epi ak ogmantasyon nan devlopman, nou chanje peyizaj la nan fason ki remakab, pandan nou kite anpil anviwònman lanmè ak bò kòt yo polye epi an danje.

Moman sa a pou tout-men-dwe-nan-pat la se Miami li mennen nou, kote koneksyon ki genyen ant lanmè a ak kominote lokal la pwofon anpil. Sante Bè Biscayne, Rivyè Miami an ak lanmè ki nan zòn nan enpòtan anpil pou ekonomi ak kalite lavi Miami. Miami pran angajman pou l amelyore kalite dlo li ak diminye enpak li genyen sou anviwònman an. Pandan ke gouvènman lokal la ka met règelman anplas, men siksè pou mete yo an aplikasyon depann de konpòtman ak atitud popilasyon vil la ki divès ak dinamik.

KI MEZI MIAMI DEJA PRAN? Miami gen yon biwo ki dedye espesyalman pou pwojè Rezilyans ki konsantre sou tout fòm rezilyans klimatik, ekonomik ak sosyal. "Vil Miami," Konte Miami-Dade ansanm ak Vil Miami-Beach te pibliye estrateji ki rele Resilient305I yon fason pou yo bay Kominote a opòtinite pou yo tande vwa l pandan pwosesis konstwiwksyon an. Debri plastik yo se yon pwoblèm kle pou responsab zòn Bè Miami-Dade. Depatman Rezilyans ak Travo Piblik gen kontra ak yon bato espesyal ki ranmase dechè yo rele Scavenger, bato a pase chak jou nan rivyè Miami a pou l retire fatra. Bato a retire 128 tòn pa ane nan rivyè a, li ranmase tout bagay soti nan sigarèt pou rive nan kawotchou.

MIAMI AN CHIF



PlisTouris = Plis Fatra ki Ranmase

Ekonomi touris nan zòn Gran Miami ak Miami Beach te konnen yon rekò



16.5M

Pa an de vizité ki te konn ret pase nwit yo anvan pandemi an

Ekonomi Miami an depann anpil de sa touris yo pote



\$18B

Pa an nan enpak ekonomik

VIZYON NOU: YON MIAMI KI SAN FATRA

Pou pwoteje anviwònman nan zòn bò lanmè nou an, Ocean Conservancy ap travay avèk OU pou kreye de solisyon syantifik ki base sou yon lanmè ki an sante avèk tout espas lavi natirèl ak kominote yo ki depann de li. Pou konprann jesyon fatra ak ekonomi sikilè Miami an, Ocean Conservancy (OC) ak Vil Miami asosye avèk Circularity Informatics Lab ki nan Inivèsite Georgia (UGA) pou fè yon Evalyasyon Pwotokòl Systèm Sikilè (CAP).

CAP la bay done ki pou ede n konprann pi byen polisyon fatra ak debri nan Miami. Rapò sa a pral ede sanstre angajman moun ki gen enterè alantou solisyon ki genyen pou ranfòse enfrastrikti jesyon fatra ak ekonomi sikilè nan Miami. Ansanm nou ka reyalize de chanjman dirab k ap ede n kenbe vil ak lanmè nou an bèle epi an sante.

Pou ka gen swivi ki fèt sou rapò sa a, OC ak Vil Miami pral antre nan patenarya ak òganizasyon lokal yo, pou yo mennen aktivite nan nivo kominote yo, avèk priyorite ki nan done CAP la. Pwodwi yo ap gen ladan I yon gid aksyon nan twa lang lokal yo, k ap devlope nan kolaborasyon avèk lidè kominotè yo, ansanm avèk de objektif politik k ap devlope nan kolaborasyon avèk vil la.

Vizyon nou se yon vil k ap viv ann amoni ak lanmè a, kote rezidan I yo konprann sa k ap pase sou tè afekte dlo nou yo, e sa k ap rive dlo nou yo afekte lavi nou. Objektif nou se pou rapò sa yo ak gid sa yo ede rezidan Miami yo ak lidè yo pran aksyon ki pou fè vil majik sa a soti nan fè gaspiyaj pou l vinn yon vil ki san fatra.



TAKLE PWOBLÈM PLASTIK PRAN YON GWO MOSO NAN POLISYON FATRA

Polisyon nan nenpòt ki sous ka nwi anviwònman an. Men, poutèt yo dire lontan, yo toupatou epi yo anpil, debri plastik yo tounen yon defi mondyal. Gen kèk pwodwi plastik yo ka rekonèt yo menm apre 400 zan nan lanmè a.

Rechèch la met aksan sou ijans ki genyen pou anpeche fwit fatra plastik, sa vle di fatra plastik ki yo pa jere epi ki rive nan lanmè a. Yo prevwa izaj pwodwi konsomatè ki gen anpil plastik dwe ogmante nan yon fason konsiderab globalman. Si pa gen mezi ki pran pou jere fatra sa yo korèkteman, pou rive nan 2025 lanmè ap ka gen ladan I yon tòn plastik pou chak twa tòn pwason. Yon pati nan plastik sa a antre nan chèn alimantè a, e evidans ta sijere ke li ka lakòz domaj enpòtan pou tout èt vivan, ki gen ladan I èt imen.

KI SA YON EKONOMI SIKILÈ YE ?

Yon ekonomi sikilè se yon sistèm kote yo re-sikile materyèl ak pwodwi an plastik yo pou diminye fatra, polisyon, ak emisyon nosif, pou sipòte yon lanmè ki pi an sante ak yon mond ki pi jis.

Ideyalman, yon ekonomi sikilè pou plastik ta dwe satisfè prensip sa yo:

- Itilizasyon ak pwodiksyon plastik pa asosye ditou ak itilizasyon resous fini ak gaz fosil yo.
- Tout plastik dwe pou yo re-tilizab, re-siklab, konpostab a 100%.
- Eliminasyon plastik ki bay pwooblèm yo, ki gen ladan yo, plastik ki pou itilize yon sèl fwa, atravè yon konsepsyon ki santré sou yon sik lavi, inovasyon materyèl, ak modèl ki ka re-tilize.
- Tout plastik yo pa dwe gen okenn pwodwi chimik ki danjere pou sante ak sekirite kominate nou an ak anviwònman an.
- Pwodiksyon, itilizasyon, ak jesyon fen lavi plastik yo pa kontribye ak enpak anviwònmantal, sosyal, oswa sanitè nan kominate majinalize yo.


KAP LA VIZE A REPONN A KÈK GWO KESYON MIAMI AP KONFWONTE:

Devlope pa Circularity Informatics Lab (CIL) nan UGA, CAP la se yon pwotokòl ki pèmèt yo jwenn epi delivre enfòmasyon enpòtan pou bay moun k ap pran desizyon yo nan kolekte done sou izaj plastik nan nivo kominotè. Fonde sou kad panse "gran imaj", CAP la a sèvi ak yon modèl etwal pou yo kapte fason plastik rantre nan yon kominote, ki jan yo konsome l epi ki jan li soti nan anviwònman an atravè sistèm jesyon fatra oswa fwit. Politik, ekonomi ak gouvènans chita nan sant modèl sa a.

Nan mwa me 2021, yon ekip ki te soti nan CIL te vin fè yon travay sou teren an nan vil Miami avèk sipò etidyan diplome nan Florida International University. CAP la te fèt ak sipò gouvènman lokal la ak OC. Travay ki te fèt sou teren an gen ladan l evalyasyon pwodwi ak anbalaj nan magazen ki nan vil la; entèvyou avèk moun ki gen interè kle nan nivo gouvènman an, endistri, ak òganizasyon non pwofi yo; karakterizasyon kalite materyèl pou atik konsomasyon an plastik yo; analiz pri pwodwi ki ka re itilize yo ak lòt altènatif pou plastik ki disponib nan vil la; odit vizyèl kontaminasyon obsève nan resiklaj; idantifikasyon poubèl piblik pou fatra ak resiklaj; epi fatra ki dekoupe an twa (3) kategori dansite popilasyon an.

Vanse Devan!

KLIKE SOU CHAK IKÒN POU
TONBE NAN SEKSYON AN





Sa Nou te Dekouvrir MIAMI BYEN PLASE POU L SEZI OPOTINITE KLE POU CHANJMAN

Chanjman siyifikatif soti nan aksyon kolektif ki enplike alafwa moun kap deside pou miami yo ak manm kominote yo. Baze sou rezulta ki soti nan CAP la, men kèk fason Miami ka pwogrese nan direksyon yon avni ki san fatra.

Opòtinite Sosyal Yo

Sa yo se opòtinite ke rezidan yo ka dirije ak sipòte pou diminye fatra, ogmante edikasyon ak ranfòse pouvwa kominote a.

KONESANS SE POUWVA: Enfòmasyon enpòtan pou fè sansibilizasyon ak pou fè moun kiltive apatenans ak bon jerans kominotè.

- Ogmante edikasyon nan Miami, atravè kourikoulòm nan lekòl piblik ak sansibilizasyon gran piblik la.
- Rann vizit nan enfrastiki pou jesyon fatra yo pi disponib pou lekòl yo ak pou kominote a.
- Konbat move enfòmasyon epi fè moun konnen ke dlo tiyo nan vil Miami an se dlo potab.
- Bay enfòmasyon sible pou moun k ap navige bato pou plezi yo ak touris yo kòm etan gwoup ki kontribye ak fè plis fatra dapre sa moun yo te entèroje te mansyone.

TIMOUN KÒM AJAN CHANJMAN: Konsantre sou enspire pwochen jenerasyon an pou asire chanjman dirab.

- Sipòte timoun ki vle lanse operasyon netwayaj yo pou ranfòse fyète lokal epi ede rezidan yo fè koneksyon ki genyen ant atik yo itilize chak jou yo ak fatra.

LI ENPÒTAN POU TOUJOU SONJE:

- Evènman familyal ak entègenerasyonèl yo se pi bon fason pou fammi yo aprann ansanm
- Kanpay sansibilizasyon ka gen mwens enpòtans pase asire ke moun yo gen kapasite pou yo jete fatra yo
- Chak kominote diferan kidonk bezwen yo diferan, se poutèt sa kanpay sansibilizasyon yo, patisipasyon piblik la ak distribisyon resous yo pral diferan pou chak kominote.
- Kominote ki pa gen ase resous yo ta dwe jwenn mwayen ki pou pèmet moun yo pataje eksperyans yo ak chèche solisyon ansanm.

Opòtinite Gouvernan Lokal Yo:

Sa yo se opòtinite pou responsab lokal yo ka takle afè fatra a dirèkteman ak pou yo amelyore sikilarite nan Miami.

JWENN VWA SA YO KI KA MENNEN BATAY LA: Mesaje ak lidè ke yo fè konfyans ka ede manm kominote a santi yo gen plis konfyans nan travay aktivis yo.

- Vil la ta dwe enplike selebrite lokal yo avèk vwa ke yo fè konfyans nan kominote a kòm pòtpawòl.
- Komisyonè yo ta dwe angaje yo pi plis nan aktivite netwayaj ak lòt aktivite k ap ogmante vizibilite pwoblèm nan.

SIPÒTE BAZ EKONOMI AN: Pifò djòb nan Konte Miami-Dade se nan sektè prive a yo ye. Lidèchip Vil la ta dwe sipòte bezwen biznis prive yo lè sa gen pou wè ak re-itilizasyon e ak resiklaj.

- Vil la bezwen asire l ke pwodwi ak konsepsyon materyèl ke biznis lokal yo itilize matche ak enfrastrikti epi ak kapasite pou fè jesyon fatra a, epi ke biznis yo kapab ak konnen ki jan pou yo jete fatra yo kòrèkteman.
- Vil la ta dwe asire l ke biznis lokal yo gen resous ki nesesè pou yo konprann opsyon ki disponib pou yo, enkliposiblite pou yo eksploré re-itilizasyon / replenisman ak opsyon altènativ ki ka bezwen yon envestisman inisyal.

PANSE AK BAGAY NOUVO: Avni kreyatif ki ka met kominote yo pi pre yon ekonomi sikilè, tankou patenarya ak biznis prive, ka reponn ak bezwen imedya yo tou.

- Opòtinite pou agrandi kad responsabilite pwodiktè ak sistèm livrezon altènativ la egziste, patikilyèman pou atik an plastik ki pi pwoblèmatik yo tankou fim plastik ak atik plastik ki gen plizyè kouch.
- Gouvernan lokal la ka sèvi ak kontra yo pou yo egziste plis mouvman sikilè nan pwodwi k ap vann nan biling leta yo.
- Vil Miami ta ka anvizaje entegre estasyon rechaj Woosh oswa lòt opsyon ki sanble nan vil la epitou pèmèt parennaj pou pwogram sa a yon fason pou moun pa bezwen peye pou yo.
- Antretyen zile ki resevwa devèsman yo se yon bagay yo dwe abòde pou diminye fwit k ap soti nan poubèl k ap debòde yo ak nan pil fatra k ap anvahi yo.
- Vil la ta dwe bay priyorite ak aplikasyon nouvo sistèm filt pou drenaj dlo lapli ansanm ak pou antretyen regilye epi ak fè sansibilizasyon nan kominote a.

SA NOU FÈ AK FATRA ENPÒTAN: Enfrastrikti ki egziste aktyèlman an ak sa ki nesesè pou yon ekonomi sikilè lwen anpil. Efò yo ta dwe fèt pou vin pi pre yon modèl sikilè.

- Vil la bezwen pou li sispann depann de depotwa fatra epi pou l asire pito ke enfrastrikti pou jesyon fatra matche ak pwodwi e ak materyèl yo itilize ak ranmase nan vil la.
- Etidyé posibilite pou enstale yon izin konpòst endistriyèl oswa jwenn aksè ak younn, pou fè fas ak kantite plastik konpostab ke yo itilize nan biznis lokal yo nan Miami k ap ogmante a.

Opòtinite pou Patisipasyon Sivik:

Sa yo se opòtinite pou kominote a ak gouvènman lokal la ka pran aksyon, yo ka aji separeman oswa ansam.

- Envesti nan sansibilizasyon – espesyalman nan kominote ba revni yo ak kominote imigran yo – pou ranfòse sans fyète kominotè rezidan Vil Miami yo.
- Vil la ta dwe redwi nivo kontaminasyon koleksyon fatra lokal yo ak enstalasyon jesyon fatra yo pwodwi. Yo ka adrese sa nan diferan fason epi petèt yo pral bezwen fè plis pase yon entèvansyon - detaye nan rapò sa a.
- Vil la ka vle envesti nan ranfòsman lwa sou bwat resiklaj kontamine nan kominote ki pa rich yo tou, akonpaye ak yon mesaj ki defini sa 'kontaminasyon' vle di pou diferan kominote yo.
- Depatman ki okipe afè Fatra ak Resiklaj ta dwe gen plis anplwaye ki pou travay ak lidè kominotè yo sou mesaj ak aksyon ki fèt espesyalman pou katye yo.
- Edike piblik la sou lyen ki genyen ant fatra nan lari a ak sante Bè Biscayne nan.
- Edike piblik la sou sistèm drenaj pou dlo lapli yo ak sistèm ponp pou dlo lapli.
- Vil la ak gwoup moun ki konsène yo ta dwe fè plis netwayaj anndan vil la tou se pa sèlman plaj yo ak kanal yo.



Opòtinite an Mouvman

Ocean Conservancy ap avanse ak anpil nan rekòmandasyon ki soti nan CAP la.

- OC ak patnè lokal li yo Debris Free Oceans and Big Blue and You ap pwofite de novo pwogram ki rele "Plastic-Free 305" la pou bay jèn yo mwayen pou yo travay ak biznis lokal yo pou yo diminye sou sèvi ak plastik ke w ka itilize yon sèl fwa yo. Yo konsantre plis sou minisipalite yo ki tou pre ak anbouchi Rivyè Miami an ki enpòtan sou plan ekolojik ak ekonomik nan konte Miami-Dade la. Kominote ki konsène yo enkli Medley, Hialeah Gardens, Hialeah, Miami Springs, ak Vil Miami.
- Anplis de ede biznis yo sispann sèvi ak plastik yo itilize yon sèl fwa yo OC ap travay avèk Vil Miami ak Ascendance Sustainable Events pou yo pwodwi ak aplike yon Sustainable Events Action Guide (Gid aksyon) pou fasilité adopsyon yon seri de pratik pandan evènman yo ki respekte anviwònman an.
- OC ap dirije yon gwoup travay kominotè pou yo idantife aksyon ki pi enpòtan pou Miami nan Cap la epi pou yo fòme yon ekip chanpyon ekonomi sikilè a



Sa Nou te Dekouvrir : INPUT (Kontribitè)

PIFÒ NAN PLASTIK MIAMI FÈT ISIT OZETAZINI

- *Ki pwodwi yo vann nan kominote a ak ki kote yo soti?*

Pifò nan izin fabrikasyon yo ak mezon santral yo se sitou Ozetazini yo ye, Amerik Latin vin apre. Pifò nan pwoblèm nou yo ki gen pou wè ak input (kontribitè) yo kòmanse isit menm Ozetazini. Nou pa bezwen al pi lwen pou n jwenn solisyon yo.

Nan pam i tout pwodwi nou te teste yo, men repatisyon kote yo soti:


Izin fabrikasyon

63% Etazini
11% Venezyela
6% Meksik
5% Repiblik Dominikèn

Mezon Santral

76% Etazini
11% Swis

Distans mwayèn ant boutik la ak mezon santral la:



Sa Nou te Dekouvrir: KOMINOTE

KOUNYE PLIS PASE TOUT LÒT MOMAN LI ENPÒTAN POU SANSIBILIZE EPI FÈ MOUN YO DEVLOPLE YON ENTERÈ PATIKILYE POU KOMINOTE YO

- *Ki Konvèsesasyon k ap fèt epi ki atitud ak pèsepsyon pati konsène yo genyen?*

Anpil moun pa konnen sa k pase ak fatra yo a. Li enpòtan pou fè moun yo pran konsyans de koneksyon ki genyen ant konpòtman endividiyèl yo ak sante epi rezilyans anviwònman an.

ENTÈVYOU AK PATI KONSÈNE YO: Pou konprann atitud aktyèl yo ak pèsepsyon moun genyen sou dechè plastik, yo te fè de entèvyou semi-estriktire ak 14 moun konsène ki se manm kle nan kèk òganizasyon non profi (ONG), nan gouvènman an, nan konpayi prive k ap trete fatra, nan inivèsite, ak biznis lokal yo. Anba a w ap jwenn konklisyon kle yo ak yon seleksyon nan entèvyou ki te fèt yo:

Pifò moun yo te entèvyouve te dakò ke fatra plastik se yon pwoblèm nan kominate a. Moun yo te entèvyouve yo te souvan di ke se yon mank sansibilizasyon ki genyen nan koneksyon ant fatra sou tè ak fatra ki ateri nan kanal dlo nou yo.

"Moun yo pa konprann relasyon ki genyen ant fatra sou tè a ak fatra nan lanmè a."

— ONG/Aktivis

"Nivo jeneral sansibilizasyon biblik la pa menm toupatou. Distri yo ki bay fas sou bè a trè konsyan, men lè w kòmanse ale nan zòn Iwès e menm moun ki sou rivyè , yo pa konsyan menm jan an ."

— Ofisyèl Gouvènman

Plizyè moun yo te entèvyouve te di ke drenaj pou dlo lapli yo se youn nan yon domèn koye yo ta ka amelyore sansibilizasyon.

"Moun panse si yo pa ka jwenn yon bwat fatra, yo ka jete fatra nan drenaj pou dlo lapli yo se pap yon move bagay.

Reyèlman vre [drenaj pou dlo lapli] sejis yon kondwi dirèk pou al nan Bè a."

— Ofisyèl Gouvènman

Lòt moun yo te entèvyouve te fè konnen se move konsepsyon moun genyen ke jesyon fatra nan kay kòmanse epi fini ak jete fatra a nan bwat fatra oswa nan bwat resiklaj. yo te souvan site tou sa yo rele "Wish-cycling"nan, ki se lè moun ki swete fè resiklaj yo met atik kontamine oswa ki pa ka resikle yo nan bwat resiklaj.

"Ki sa jete fatra nan fason ki 'korèk' vle menm di? Gen yon atitud de 'djòb mwen fini yon fwa m mete l nan bwat fatra a' Pèsepsyon biblik la se 'djòb mwen sejis pou m mete l nan bwat fatra."

— ONG/Aktivis

"Sa k sitou pouse moun fè sa yo rele wish-cycling (swè pou resikle) sè ke yo wè flèch pou resiklaj sou tout bagay e tout al nan [bwat resiklaj]. Nenpòt bagay ki ta vle sanble ak plastik [ale.]"

— Ofisyèl Gouvènman

Pandan ke ofri altènatif a plastik se yon pa nan bon direksyon an, moun yo te entèvyouve yo te fè remake ke abitid ak kapasite ki genyen nan nivo lokal la pou fè eliminasyon ka yon antrav ak siksè yo.

"Gen yon mank sansibilizasyon nan biblik la sou fason moun jete altènatif plastik konpostab yo. Vil la ta byen vle achte yon enstalasyon konpostaj, men pri a epi anplwaye yo vin tounen obstak ... Antan ke vil, nou dwe rann konpostaj pi disponib oswa sensibilize biblik la pi plis sou pwodwi sa yo."

— Ofisyèl Gouvènman

"Pa gen okenn enstalasyon endistriyèl pou konpostaj nan eta Florid la."

— ONG/Aktivis

Moun yo te Entèvyouve yo te souliye enpòtans entèdiksyon atik an plastik yo, men yo menm tou yo te gen enkyetid difèt ke ansyen règleman lokal yo te anile nan nivo eta a.

*"Nan Miami ou gen maltèt règleman lokal, minisipal, ak nan nivo eta yo elatrye..
yo tout nan kontradiksyon epi yo pa klè."*

—Akademik

"Twazan de sa te gen [yon] règleman [nan Gables Coral] sou sache plastik osito moun te kòmanse fè chanjman pou yo konfòme yo ak règleman sa a, vil la pèdi apèl li devan tribunal nan Tallahassee kont gwooup ki fè lòbi pou endistri detay la. Yo te bani Entèdiksyon an."

— ONG/Aktivis



REZILTA SONDAJ REZIDAN YO

Rezidan Miami yo te ede idantifye fason pou angaje kominate yo nan efò k ap fèt pou redwi fatra ak ogmante sikilarite.

Motè pou chanjman ak transfòmasyon :

1. Fason senp epi fasil pou aji
2. Responsabilite pou jenerasyon kap vini yo
3. Kwayans ak detèminasyon

Ki jan nou aprann sou jesyon fatra:

1. Ekspèriens pèsonèl
2. Ekspè yo
3. Medya a

Motivasyon pou konpòtman dirab:

1. Anviwònman an
2. Benefis kominotè
3. Benefis sante

Ki moun ki ta dwe responsab:

1. Sektè prive / Kòporasyon yo
2. Gouvènman / Politisyen yo
3. Piblik la / Mamm Kominote a

LIDÈCHIP EFIKAS NAN MEDYA SOSYAL: 5 PRENSIPAL YO

Sèvi ak medya sosyal yo pou chèche fè chanjman se yon mwayer pou pran aksyon ki fasil. Yon analiz measi ki piblè sou diferan platfòm yo revele ke pos pozitif sou anviwònman an bay pi bon rezulta.

- Konbine apèl pou aksyon ki baze sou fè ak apèl sou emosyon. Dezi pou yo pa kite tòti yo soufri te konvenkan ase ke anpil moun te di yo t ap chanje aksyon yo epi yo t ap ankouraje lòt moun fè menm bagay la.
- Itilize tag ki espesifik a yon kote pou fè pwomosyon evènman yo. Òganizasyon souvan itilize Hashtag yo ki pwòp a yon zòn pou enfòme manm yo sou evènman tankou netwayaj. Tag #Florida ak #Miami yo klase trè wo nan ansanm done Instagram la.
- Penetre yon piblik ki konsyan sou afè plastik la atravè mesaj pozitif. Konvèsasyon negatif yo ankonbran. Egzanp komen pos ki pozitif gen ladan l enpak aktivis yo fè ak bote espas natirèl yo.
- Adrese enkyetid sitwayen yo ki fatige ak lejislasyon. Pandan ke òganizasyon yo k ap sipòte aksyon tankou Miami Straw Ban (entèdi chalimo nan Miami), sitwayen yo ka santi ke plis bagay ta dwe fèt osinon efò sa yo pral gen efè negatif.
- Pwopoze atik bay invèsite lokal yo ak estasyon nouvèl, ki pèmèt touche odyans espesifik.

 **Ali Slim**
@Alislim999 940+

Mars bar wrapper found on the beach from 1986, but looks like it was tossed out yesterday. It can take up to 1000 years for plastic to decompose, that is of course if t hey ever do. <https://t.co/9m1cST9ILy>

May 30th, 2019

 **Finpinshop** @finpinshop · Jun 16, 2019
Happy World Sea Turtle Day! 🐢✍️ We love our flippin' adorable Florida neighbors! Seeing sea turtle nests on our beaches brings us so much happiness! That's why we do our best to cut single-use plastic from our lives... [https://www.instagram.com/p/ByyhEelFd6C/...](https://www.instagram.com/p/ByyhEelFd6C/)

 **Greta Thunberg** ✨ @GretaThunberg · Jun 8, 2019
"The problem of plastic pollution in the ocean is even worse than anyone feared. There's actually more microplastic 1,000 feet down than there is in the Great Pacific Garbage Patch."

We can't continue like this.
#ecologicalbreakdown #worldoceanday

 **Leopoldo Llinas**
@DrLlinas 104 pieces of plastic in its body - South Florida Sun-Sentinel sun-sentinel.com/news/fl-ne-bab...






Sa Nou te Dekouvrir: KONSEPSYON PWODWI

KANTITE DIVÈS KALITE PLASTIK KONTRIBYE NAN KONFIZYON SOU FASON KÒRÈK POU JETE FATRA

Repatisyon materiyèl ki nan prensipal atik konsomasyon yo:



► Ki materyèl, fòma, ak inovasyon yo jwenn nan pwodwi yo, patikilyèman anbalaj yo?

Yo te dokimante anpil atik konpostab kay machann manje ak restoran yo, byen ke pa gen okenn enfrastrikti konpostaj ki egziste nan nivo vil oswa eta. Yo fabrike anbalaj manje pou pot ale yo avèk yon kantite varyete materyèl, ki kontribye nan konfizyon ki antoure resiklaj.

Plastik di ki san etikèt la se kalite materyèl ki pi kouran ke yo jwenn nan pwodwi machann manje. Sitiyasyon sa a karakterize yon mank de transparans sou afè etikèt, ak konfizyon sou jerans apwopriye.



Sa Nou te Dekouvrir: ITILIZASYON


PI DIRAB ANJENERAL VLE DI PI CHÈ

► *Ki sa tandans ak reyalite kominotè yo ye alantou itilizasyon ak re-itilizasyon?*

Altènativ Biodegradab oswa re-itilizab ka koute trè chè ni pou konsomatè yo ni pou biznis yo, nan sèten ka yo ka Koute 700 fwa pi chè ke ekivalan ki an plastik yo itilize yon sèl fwa yo. Gen kèk biznis ki met an plas sa yo rele eko-frè a pou yo pataje kou pi wo sa yo ak konsomatè yo. Gen lòt ki sijere avantaj fiskal yo ka ede pwomouwva altènativ yo. Pwogram re-itilizasyon ak rechaj yo jwenn anpechman pa rapò ak pèsepsyon alantou dlo potab nan Miami, pa gen gwo volonte pou peye frè siplemantè, epi disponiblite / nivo adopsyon nan vil la.

“*Pri se pi gwo bariyè.*” — Pwopriyetè biznis lokal la

Miami VS. USA
rapò mwayèn jenerasyon fatra



Sa Nou te Dekouvrir: KOLEKSYON


SE PA TOUT KOLEKSYON FATRA KI FÈT EGAL-EGO

- *Ki kantite ak ki kalite fatra yo pwodwi ? Ki kantite yo kolekte epi ki enfrastrikti ki egziste ?*

Se Miami-Dade County Public Works ak Waste Management Department (PWWM) ki responsab fè Koleksyon dechè solid ki pwodwi nan kay nan Miami ak plizyè minisipalite ki ozalantou. Dapre Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid (FDEP), sou plis pase 4.3 milyon tòn dechè solid minisipal (MSW) te kolekte nan Konte Miami-Dade nan 2020, environ 16% te idantifye espesyalman kòm etan plastik. Gen anpil chans ke gen polymè plastik nan lòt kategori dechè solid minisipal yo tou

Sou papye tout rezidan Vil Miami gen aksè ak jesyon fatra e ak resiklaj, men gen eka ki rapòte nan disponiblite sèvis sa yo pou inite milti-fanmi yo. Yon seri de pratik pou kolèk ki pa twò klè, ki inegal, e ki gen konfizyon kontribye ak kreyasyon yon kantite depotwa ilegal nan vil la.

Kalite Fatra yo




Sa Nou te Dekouvrir: FEN SIK

FATRA PA JIS "DISPARÈT" KONSA

Kouman yo elimine fatra? Ki sa ki rive fatra yon fwa yo jete I korèkteman? Kouman yo trete !?

Jesyon dechè solid nan vil Miami rive nan yon kafou. Yo te reyalize pwogrè nan enfrastrikti jesyon dechè nan Miami. Vil la ta dwe asire ke enfrastrikti ki pral vin apre yo reponn ak bezwen vil la daprè karakteristik dechè yo, epi tou ke rezidan yo okouran de pi bon pratik pou trete diferan kalite fatra. Otan ke sa posib, vil la ta dwe kontinye pouswif yo dekri nan Senaryo Anviwònman Prefere a ke yo te chwazi nan kad devlopman SWMMP la an 2014.

Vwayaj Fatra Apre yo Fin Kolekte I



Ta sanble kouran resiklaj Miami an te gen gwo nivo kontaminasyon. Sa a ka nwi konpostaj la si pa gen kanpay edikasyon ak sansibilizasyon ki fèt an menm tan ak / oswa avantaj finansye yo. Ajoute yon lòt kouran fatra pou konpostaj ta gen anpil chans diminye kouran fatra ki aktyèlman ale nan izin Fatra a Enèji (WTE) ki deja egziste a, k ap trete 68% nan dechè vil la nan plen kapasite. Enstalsyon konbisyon sa a pèmet yo rekipere enèji an epi fèl yon eksplwatasyon rantab pou konte a opere. Finalman, pwodwi plastik konpostab koute biznis yo chè (Gade seksyon Itilizasyon). Travay nan kad sistèm ki deja egziste yo oswa renonse totalman ak sèvi ak pwodwi ke w ka itilize yon sèl fwa yo ta konstitye yon altènatif dirab pou ni biznis yo ak ni pou vil la an tèm de kou ak jesyon fatra.

Rekomendasyon kle

POU TAKLE PWOBLÈM FATRA MIAMI YO*

REDIKSYON SOUS LA:

- Bani sache plastik
- Règlemente eksè nan atik anbalaj ki non re-utilizab / resiklab
- Patnè ak konpayi lokal yo, òganizasyon yo, ak lekòl pou kreye yon lotri pou atik izaje ak sipli yo
- Sipòte responsabilite pwolonje pwodiktè an (EPR)

RESIKLAJ AK RE-UTILIZASYON:

- Ogmante pwogram enfòmasyon pou sansibilize publik la sou pwogram resiklab yo
- Ankouraje pwogram resiklab pou Sistèm Lekòl Piblik Konte a
- Ogmante kantite pwodwi resiklab ke pwogram resiklab bò twotwa aksepte
- Ofri vendè yo avataj pou yo sèvi ak pwodwi resikle

KOLEKSYON AK TRANSPÒ – KOLEKSYON FATRA AK MARYÈ RESIKLAB BÒ TWOTWA:

- Ranfòse règleman ki gen pou wè ak dechè solid rezidansyèl
- Met sou pye yon sistèm tarif ki varyab pou chaje rezidan yo dapre pwa oswa volim
- Chaje frè pou koleksyon fatra ankonbran

KOLEKSYON AK TRANSPÒ -SANT FATRA AK SANT RESIKLAJ (TRC):

- Etabli enstalasyon siplemantè pou dechè chimik
- Amenaje TRC yo pou pèmèt operasyon ki pi efikas (pa egzanp itilizasyon de trelè pou fè transfè , konpaktè, separasyon matyè yo)
- Redwi lè/jou fonksyonman TRC yo

DEPOTWA:

- Rekipere materyèl resiklab nan depotwa ki aktif yo
- Konstwi yon pak pano motè ak van oswa pano solè nan depotwa ki deja egziste / fèmen
- Eksplose depotwa konte a pou jwenn kapasite adisyonèl pou elimine fatra , jwenn tè, ak materyèl resiklab
- Adopte règleman ki entèdi novo konstriksyon depotwa nan Konte Miami-Dade
- Fèmen youn oswa plizye depotwa ki te déjà egziste (North Dade)
- Konstwi yon depotwa bio-reaktè (South Dade landfill)

KOLEKSYON AK TRANSPÒ – ESTASYON TRANSFÈ:

- Redwi lè fonksyonman estasyon transfè yo
- Amenaje estasyon transfè yo pou pèmèt operasyon ki pi efiskas (pa egzanp, separasyon matyè yo, eliminasyon konpaktè an, agrandisman depo tanporè yo)

YO DEKRI ALTÈNATIV POTANSYÈL SA YO KÒM YON PATI NAN SENARYO KOMITE KONSILATIF POU DECHÈ SOLID KONTE MIAMI-DADE KI TE DEVLOPE AN 2014 LA.


Kisa Nou te Dekouwri: FWIT

SE TI BAGAY YO KI FÈ DIFERANS LAN

Ki fatra ki ateri nan anviwònman an? Ki jan ak poukisa yo rive la?

An total, gen 10,122 atik ki lakòz fatra CAP te anrejistre nan mwa me 2021 nan zòn echantyon atravè tout senk distri komisyon an nan Miami. Yo te jwenn dansite dechè ki pi wo yo nan zòn ki gen mwens moun yo. Li posib ke vil la netwaye zòn ki gen gwo popilasyon e ak gwo viziblite yo pi regilyèman. Anba la a w ap jwenn repatisyon pa materyèl fatra yo te resanse yo.

Kalite Fatra




Ti myèt plastik, anbalaj manje, ak pwodwi tabak yo se eleman prensipal ki kontribye nan dechè iben nan Miami. Pi gwo pouvantaj fatra toupatou se te ti myèt plastik. 55% nan materyèl fatra yo te dokimante yo se te atik plastik ki pi komen. Zòn ki gen wo, mwayen oswa ba dansite popilasyon te gen diferan pwopòsyon nan kalite fatra yo te jwenn.

De zòn ki gen dansite mwayèn fatra pi wo yo te sou rivyè Miami an ak sou youn nan zile deblè yo, Pace Picnic Island, ki empòtan pou note pou sante anviwònman an. Li empòtan pou note ke omwen de e jiska kat nan senk prensipal eleman dechè yo te jwenn nan chak zòn yo se te ti myèt fatra. Eleman sa yo patikilyèman difisil pou pran ak jere. Nivo elve ti myèt fatra ak prezans dechè ki soti nan lòt kote nan rejon Miami an endike ke yon efò entegre, entè-vil, ak entè-sektè nesesè pou diminye fatra depi nan sous la.

Etandone nati divès Miami ansanm ak distri li yo, li empòtan pou analize done yo nan nivo katye a epi konprann kontèks, konpòtman, ak baryè ki pwòp ak katye a ki ka kontribye a sitiyyasyon an. Pa egzanp, se Distri 2 ki gen pi fò zòn ba dansite popilasyon ki bay sou kòt yo ak zile deblè yo kote gen anpil touris, sa ki koresponn ak yon wo dansite dechè epi ak pi gwo kantite ti myèt fatra ki te ka nan anviwònman an depi lontan oswa ki te transpòte sot yon lòt kote.

Fatra pa sèlman travèse rivyè ak kanal yo, men li travèse tou enfrastrikti pou dlo lapli yo. Biscayne Bay Health Coalition (BBHC) ak rezidan yo enkyete anpil de drenaj lapli k ap polye Bè Biscayne nan. Konte Miami-Dade gen plis pase 95,000 twou egou pou dlo lapli, basen, ak graj. Li estime ke plis pase 16 milyon liv debri antre nan twou egou sa yo chak ane. Drenaj lapli yo sèvi tou kòm wout pou lòt eleman pwoblèmatik ki pa plastik pase, tankou pestisid ak fè mouri, ki lakòz twoub chimik nan bè an. Lanmò yon gwo kantite pwason nan Bè Biscayne nan mwa Out 2020 ta ka gen pou wè an pati ak pwoblèm nan kalite dlo a (Vil Miami 2020). Yon sistèm filt Eco-Vault Depatman Travò Piblik te mete nan estasyon pomp drenaj dlo lapli ta pèmèt yo elimine plis pase 5,000 tòn fatra jiskisi.

Fatra yo jwenn nan katye kote gen kay pou Yon Sèl Fanmi, Milti- Fanmi oswa Izaj-Miks




Apati premye septanm 2021, yon inisyativ pou amelyore drenaj dlo lapli te lanse ak 1,000 filtè - 200 pou chak distri - pwograme pou enstale (Aguirre 2021). Inisyativ sa a ofri opòtinite ki enteresan pou fè sansibilizasyon pou moun yo ka konnen sou envestisman an ak enfrastrikti a ak sa yo ka fè pou sipòte yo.

Sa a pral pèmèt maksimize efikasite yo epi etabli bò kote gran publik la koneksyon ant fatra lari ak sante Bè Biscayne nan


Yo ta dwe nòmalize Kilti netwayaj la nan zòn ki pi anndan yo pou yo ogmante sansibilizasyon ak rive touche yon publik ki pi laj. Debris Free Oceans, yon òganizasyon netwayaj lokal, te swiv dechè kolekte sou Virginia Key. Karakterizasyon dechè sa yo te sanble ak sa Circularity Informatics Lab te dokimante yo, patikilyèman abondans nan ti myèt plastik yo.

Kalite dechè yo jwenn pou chak distri komisyón Vil Miami



Pandan ke entèvansyon ki soti pi wo yo enpòtan anpil pou diminye move jerans dechè nan Miami, li enpòtan pou note defi ki asosye ak dechè ki la kounye a nan anviwònman an. Gwo kantite ti myèt fatra yo prezante yon pwoblèm pou efò netwayaj ak entèvansyon preventif tankou filtè pou drenaj dlo lapli yo. Gwo objè ki flote yo gen anpil chans pou yo filtre nan sistèm modèn ponp oswa pwojè filt drenaj dlo lapli, men sa a dwe akonpaye ak antretyen regilye e ak sansibilizasyon ranfòse pou publik la. Li ka egalman enpòtan pou yo envesti nan netwayaj nan zòn ak nan kominote ki anndan yo, olye ke yo limite yo sèlman nan netwaye plaj yo, yon fason pou rezidan lokal yo ka etabli yon lyen ki pi fò ant fatra ki nan pwòp katye yo ak sante anviwònman an ak vil la.

Ki jan Dechè ak Fatra afekte Lanmè ak Kanal Dio nou yo



Pwochen Etap yo : KOLABORASYON SE KLE

Nan kolaborasyon ak Vil Miami, Ocean Conservancy pral travay avèk òganizasyon kominotè yo ansanm ak rezidan nan Miami yo pou ranfòse edikasyon, kreye opòtinite pou fè defans, ak angaje ofisyèl eli yo. Ocean Conservancy ap travay ak rezidan nan diferan distri komisyón an pou kreye yon gid aksyon ki pral defini rekòmandasyon ak aksyon ki nan rapò CAP la ke kominote yo ka pran kounye a epi etabli objektif yo vle atenn nan mwa ak ane kap vini yo.

POU KONN PLIS SOU KOLABORASYON AKTYÈL YO AK PWOCHEN ETAP YO, TANPRI VIZITE:

<https://oceanconservancy.org/MiamiCAP>